



Pou Piblikasyon Imedya: 25/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE OUVÈTI EAST GATE PLAZA NAN PAK ETA WALKWAY OVER THE HUDSON NAN

Pwojè a plis pase double gwochè chimen an sou tèt eskalye Washington Street la apèn deyò Pòtay Poughkeepsie yo

Foto yo Disponib [isit la](#)

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse ouvèti East Gate Plaza 2 milyon dola a andeyò antre Poughkeepsie a ki bay sou Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson nan. Espas rasanbleman agrandi an plis pase double gwochè pasrèl ki anlè Eskalye Washington Street la e li ofri yon kote ideyal pou evènman kominotè.

"Nouvo East Gate Plaza a nan Poughkeepsie pral sèvi kòm yon bèl resous pou mete an valè pwodui lokal yo ak amelyore eksperyans global vizitè a sou pasrèl la," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Peyizaj remakab Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson nan kontinye ap atire moun ak fanmi soti toupatou e nouvo plas la pral mete plis aksan toujou sou Vale Hudson nan kòm destinasyon touristik."

Gouvènè Adjwen an, Brian A. Benjamin, te deklare, "Pak Eta Walkway Over the Hudson nan se destinasyon ideyal pou jwi bote panoramik ak istwa kaptivan Vale Hudson nan - epi administrasyon nou an fyè envesti nan fè pak la pi akeyan toujou pou aktivite deyò ki bon pou lasante ak evènman enteresan. Lwazi deyò se yon gwo motè ekonomik pou eta nou an, e pwojè tankou sa a ede asire vitalite alontèm nan Poughkeepsie ak nan kominote anviwonan yo."

Pami karakteristik prensipal yo nan East Gate Plaza a se yon espas pou envite yo vin apye achte machandiz Walkway, plis fasilite pou jwenn goute, bwason, ak lòt atik, ak yon tonèl kouvri ki gen kapasite odyovizyèl pou evènman, vizit, ak pwogram espesyal. Yon pati nan pwojè a sou pwopriyete Pak Eta yo te achte gras a sipò Enstiti Open Space la ki pa gen bi fè pwofi.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid, te deklare, "Amelyorasyon sa yo nan Walkway a pral ankouraje plis moun toujou pou yo eksplòre kote enkwayab sa a e pèmèt yo pi byen konekte ak pak la ak kominote anviwonan an."

Direktè Egzekitif Walkway Over the Hudson Friends Elizabeth Waldstein te deklare, "Sa fè nou plezi mete tèt ansanm avèk Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la (New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) pou selebre nouvo East Gate Plaza a, yon lòt etap nan ofri enstalasyon amelyore pou vizitè nou yo epi kontribye nan vitalite ekonomik rejyon an. Nouvo plas la ak Friends Shop ofri yon espas akeyan pou Anbasadè Walkway nou yo rankontre, salye epi enfòmè 600,000 moun nou resevwa chak ane yo."

Senatè Sue Serino te deklare, "Walkway Over the Hudson nan se depi lontan yon atraksyon enpòtan pou ni rezidan yo ni vizitè yo. E amelyorasyon sa yo pral garanti Walkway a kapab akeyi pi gwo evènman kominotè toujou, ofri yon espas san parèy pou vwazen yo reyini epi jwi yon pati nan sa ki pi bon Vale Hudson nan gen pou li ofri. Nou remèsye tout moun ki rann pwojè enpòtan sa a posib e nou pa ka tann pou nou wè tout fason san parèy nouvo espas la pral sèvi pou kominote lokal la kapab benefisye."

Senatè Michelle Hinchey te deklare, "Walkway Over the Hudson nan se yon destinasyon kiltirèl, ekonomik, ak istorik enpòtan k ap mennen vizitè soti toupatou nan New York ak lòt kote vin wè bote rejyon nou an. Mwen anchante ogmantasyon investisman an ak ouvèti nouvo plas sa a, ki pral ofri bèl opòtinite pou pi byen mete an valè Walkway a, kore biznis lokal yo, ak kreye yon pi gran espas kominotè toujou. Walkway a se yon motè ekonomik pou rejyon nou an e amelyorasyon enfastrikti sa a pral ranfòse misyon sa a epi fè espas la vin pi aksesib pou tout moun k ap vizite yo."

Manm Asanble Jonathan Jacobson te deklare, "Kòm Manm Asanble ki reprezante minisipalite potomitan Walkway a yo, sa fè mwen plezi pou nouvo East Gate Plaza a ouvè kounye a. Zòn antre agrandi sa a pral fè Walkway a vin pi akeyan toujou pou ni rezidan Vil Poughkeepsie ni plizyè milye vizitè yo ki deplase vin isit la pou absòbe vi espektakilè yo epi eksplòre rejyon Mid-Hudson nan."

Majistra Poughkeepsie an Robert Rolison te deklare, "Depi ouvèti li plis pase dis lane de sa, Walkway Over the Hudson nan se yon akseleratè Vil Poughkeepsie a, k ap atire moun pou vizite zòn nou an epi ofri rezidan yo yon pak mayifik ki koupe souf, ki travèse Rivyè Hudson nan. Ouvèti East Gate Plaza a se yon amelyorasyon ankò ki relye pak majestyè sa a avèk katye vil la, e nou apresye investisman eta a ap kontinye fè yo pou garanti Walkway Over the Hudson nan kontinye rete yon bijou ak yon atou enpòtan pou vil la."

Kad Egzekitif Konte Dutchess, Marc Molinaro te deklare, "Pak yo rete yon resous enkwayab pou fanmi yo ak zanmi yo rete an kontak san danje epi Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson nan pa yon eksepsyon. Walkway a se yon pati vital sa ki fè zòn nou an espesyal konsa, ap atire touris ak vizitè soti toupatou sou planèt la, epi nouvo East Gate Plaza a amelyore atou sa a plis toujou gras a kreyasyon yon lòt resous pou kominote a òganize evènman epi rasanble san danje."

Chèf Egzekitif Konte Ulster a, Pat Ryan te deklare, "Depi ouvèti li an 2009, Pak Eta Istorik Walkway Over the Hudson nan pote plis moun ak touris nan Konte Ulster ak kominote Highland nan. Pwojè ki amelyore Walkway a ap sèlman eksite aktivite sa a, e Konte Ulster a kontan wè angajman solid eta a nan youn nan pi bon atraksyon pou touris Vale Hudson nan."

Sipèvizè Minisipalite Lloyd la Frederick Pizutto te deklare, "Nou gen yon trè bèl kolaborasyon avèk Poughkeepsie sou lòt bò Walkway a gras a kowòdonasyon evènman tout rejyon an ap benefisye k ap pote vizitè pou vin konnen bote Vale Hudson nan. Konekte ak Walkway a, Hudson Valley Rail Trail la nan minisipalite nou an pèmèt vizitè yo fè pwonmnad apye, monte bekàn, monte chwal, fè paten a woulèt, fè eski sou chemen ak rakèt pou lanèj. Li enteresan pou Walkway a, ki gen yon gwo enpak sou kominote Highland nan, vin yon pi bon eksperyans toujou avèk ajoutman East Gate Plaza a."

Vis-Prezidan pou Pak yo ak Jerans nan Open Space Institute la Peter Karis te deklare, "Open Space Institute fyè dèske efò nou yo pou agrandi anprent Walkway a te prepare teren an pou kreyasyon nouvo East Gate Plaza a. Nou fè Pak Eta yo, gwoup Walkway Friends la ak tout moun ki te gen menm angajman avèk nou nan fè pak yo ak espas ouvè yo vin pi akeyan ak aksesib pou piblik la konpliman."

Men lòt avantaj pwojè a:

- Ranmasaj dlo lapli soti sou twati yo nan yon sitèn pou irigasyon.
- Materyèl pave pèmeyab/pore pou redui twoplè dlo lapli.
- Ranplasman mi soutènman delabre ki te nan konstriksyon orijinal pon an nan ane 1880 yo.
- Re-itylizasyon poto pon istorik yo nan sistèm tren an.
- Efikasite Enèjetik: ponp chalè pou chofe ak refwadi, limyè.
- Pakin pou bekàn
- Plis kote pou chita
- Amenajman peyizaj

Pwojè 2 milyon dola a te jwenn finansman nan men Fon Kapital Pak Eta yo (State Parks Capital Funds), Fon pou Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Fund, EPF), ak soutyen nan men Friends of Walkway.

Pon pyeton anlè ki pi long nan monn nan, trave 2 kilomèt yon ansyen pon chemennfè sa a ofri gran panorama Vale Hudson nan e li atire apeprè 600,000 vizitè chak ane. Gen plis pase 6.2 milyon mounn ki vizite depi pak la te ouvè an 2009 apre plizyè deseni neglijan.

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, tèren gòlf, ranp lansman bato ak plis ankò, ki te resevwa yon kantite rekò 78 milyon vizitè an 2020. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn rekreyatif sa yo, rele 518-474-0456 oswa ale sou www.parks.ny.gov, pran kontak avèk nou sou [Facebook](https://www.facebook.com/parksny), oswa suiv nou sou [Instagram](https://www.instagram.com/parksny), [Twitter](https://twitter.com/parksny) oswa sou [blog](http://blog.parks.ny.gov) Pak Eta yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)